# «ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ»

# «ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ»

***атамасындағы республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы***

*(Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсупов , Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновлардың 90 жыллық юбилейине бағышланады)*

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2019

УДК: 80(=512.121)
ББК: 80
Ҳ–22

**Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери.** *Илимий-теориялық конференция материаллары топламы* — Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2019-жыл, 188 бет.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Илимий-методикалық кеңесинде тастыйықланған.

Бул топламға Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсупов, Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновлардың 90 жыллығына бағышлап өткерилген «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары» ҳәм «Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери» атамасындағы республикалық илимий-теориялық конференцияларда баянат ислеген профессор-оқытыўшылардың, докторантлар, изелениўшилер, магистрантлар ҳәм зийрек студентлердиң илимий мақалалары киргизилген.

Топламнан филология тараўының қәнигелери, докторантлар, магистрантлар ҳәм студентлер илимий бағдардағы жумысларында пайдаланыўы мүмкин.

Жуўаплы редакторлар:

**Қ.Жәримбетов** — *филология илимлериниң докторы, профессор*
**М.Қудайбергенов** — *филология илимлериниң докторы, профессор*

Редакциялық топар:

**Қ.Турдыбаев** — *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
**А.Досымбетова** — *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
**Ж.Каниязова** — *филология илимлери бойынша философия докторы, PhD, доцент*
**Ш.Хожанов** — *филология илимлери бойынша философия докторы, PhD, доцент*

Пикир билдириўшилер:

**К.Алламбергенов** — *филология илимлериниң докторы, профессор*
**Е.Алланазаров** — *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

ISBN 978-9943-5745-3-3

**© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2019.**
**© Конференция материаллары, 2019**

# МАЗМУНЫ

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ

Жәримбетов Қ. Мәңги булақ
(И.Юсуповтың поэзиясы ҳаққында гейпара ойлар) ........................3
Оразымбетов Қ.К Қарақалпақ халқының таң жулдызы ......................10
(Жазыўшы дөретиўшилигине бир нәзер)
Абдикамалов Б. Қарақалпақ поэзиясының гиганты ..........................15
(Ибрайым Юсуповтың 90 жыллығына)
Генжемуратов Б. А. Ибрайым Юсуповтың
«Жолдас муғаллим» поэмасының жанрлық өзгешелиги ..........23
Нуржанов П.Халқын дүньяға таныткан жазыўшы ..........................29
Турдыбаев Қ. К. И.Юсуповтың муҳаббат ...................................34
қосықларының жанрлық өзгешеликлери
Бекбергенова М.Д. И. Юсупов ...............................................40
дөретиўшилигинде образ типологиясы
Бекбергенова З.У Дөретиўши биографиясын
үйрениўде көркем шығармалардың әҳмийети ...........................43
(И.Юсупов лирикасы мысалында)
Юсупов Қ.А. Академиялық лицейлерде
Т.Қайыпбергеновтың прозалық ...........................................50
шығармаларын оқытыў усыллары
Абдимуратов А, Особенности писательской публицистики
(на примере журналистских произведений ..............................53
Т.Каипбергенова)
Алламбергенова П. Ж. И.Юсупов поэзиясында
эстетикалық идеал (туўылған жер, ана ўатан ...........................57
темасындағы қосықлары мысалында)
Қожықбаева З.А. Руўхый куяш — китаптың ...............................62
тәрбиялық әҳмийети
Оразымбетова М. И.Юсупов ....................................................65
поэзиясында ғәззеллер дүркини
Алламбергенова И. И. Юсупов

тиллеринде жарық көриўинде Н.Яцкевич ҳ.т.б үлкен мийнет иследи. Ал жазыўшының «Суўық тамшы» повестиниң өзбек тилине аўдарылыў тарийхы устаз жазыўшы А.Қаххар аты менен байланыслы. Ол жаңа аяққа турып киятырған жас жазыўшының повестиндеги талант ушқынларын сол ўақытта-ақ абайлаған ҳәм жазыўшының бул повестин қарақалпақстанлы Ғ.Якубов пенен бирге өзбек тилине аўдарды. Буннан руўхланған Т.Қайыпбергенов устаз жазыўшы А.Қаххар менен өмир-өмиринше дөретиўшилик байланыста болды.

Әсиресе, ғәрезсизлик дәўирине келип жазыўшы дөретиўшилиги өзбек-қарақалпақ әдебий байланысларының нығайыўына ҳәм буннан былай да раўажланыўына хызмет иследи. Мәселен, жазыўшының «Қарақалпақ дәстаны» (тарж.Л.Тожиева) трилогиясының, «О дүньяға атама хатлар» (өзбекшеде «Бобомга хатлар», тарж Р.Атаули) роман-эссесиниң, «Сахра бүлбили» драмасының («Жаҳон адабиёти», 2003, №4-5), «XXI әсир босағасындағы адасыма 99 мәсләҳәт» китапларының өзбек тилинде жарық көриўи өзбек-қарақалпақ әдебий байланыслары тарийхында елеўли из қалдырды.

Быйыл туўылғанына 90 жыл толатуғын белгили қарақалпақ жазыўшысының юбилейи пүткил республикамыз жәмийетшилиги тәрепинен салтанатлы түрде белгиленбекте. Өйткени оның қунлы әдебий шығармалары, ибратлы өмири, жәмийетлик искерлиги өсип киятырған жас әўладты кәмил инсан сыпатында тәрбиялаў барысында хызмет ететуғынлығы пүткил жәмийетшилик тәрепинен мойынланған шынлық.

## И.ЮСУПОВТЫҢ МУҲАББАТ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

***Турдыбаев Қ. К.***

***Қарақалпақ мәмлекетлик университети***

Қарақалпақ әдебиятында салмақлы орынға ийе И.Юсупов дөретиўшилиги поэзиямызды идеялық-тематикалық, жанрлық-стиллик, көркемлик жақтан бурын көрилмеген дәрежеде байытты. Ғәрезсизлик дәўирине келип оның дөретиўшилиги жаңа заман талабына сай түрде изертлене баслады [1]. Белгили әдебиятшы Қ.Оразымбетов Шығыс ҳәм Батыс әдебиятына тән көркем формалардың 1970-2000-жыллардағы лирикамызды раўажландырыўдағы тутқан орны жөниндеги әҳмийетли илимий-теориялық жуўмақларды алға сүрди [2]. Деген менен шайыр поэзиясын, әсиресе лирикасын,

ондағы жанрлық түрлерди еле де тереңирек изертлеў дәўир талабынан туўған ўазыйпа болып қалмақта.

И.Юсупов лирикасын мазмуны ҳәм көркем формасы бойынша әлўан түрлерге ажыратыўға болады. Мысалы, оның мазмуны бойынша дидактикалық, публицистикалық, тәрийп, налыш, юмор-сатиралық ҳәм тағы басқа түрлери бар. Биз мақаламызда И.Юсуповтың муҳаббат қосықларының жанрлық өзгешеликлерине арнаўлы түрде токтаўды мақул көрдик.

XIX әсир қарақалпақ лирикасы жанрлық өзгешелигин изертлеген белгили әдебиятшы алым Қ.Жәримбетов муҳаббат лирикасының көркем тәбияты жөнинде әҳмийетли илимий-теориялық жуўмақларды ортаға таслаған [3]. Оның пикиринше, муҳаббат қосықлары лирикалық қаҳарманның жүрегин аўыртып шыққан сезимлерин, жеке өзиниң дәртлерин, аҳыў-зарын береди... шын мәнисинде муҳаббат қосықлары жәмийетте адам жеке өзин аңлаған ўақытта ғана пайда болады [3;106-107]. Әдебиятшы өзиниң пикирлерин еле де айдынластыра отырып, ҳәзирги әдебияттаныў илиминде муҳаббат қосықлары термини менен бирге оған синоним сыпатында интим лирика, пинҳаны лирика терминлери де теңдей қолланылатуғынлығын айта келип, былай деп жазады: «Пинҳаны лириканың тәртиплери дүнья әдебияты бойынша бирдей. Онда лирикалық қаҳарманның жүрек төринде жатырған нәзик сезимлер көринеди. Ол өз жүреги менен өзи сөйлеседи, өзиниң өмир кеширмелерин, дәртлерин, ҳалатларын баян етеди. Соның ушын да дүнья шайырлары ышқы-муҳаббат сезимлерин жырлағанда пинҳаны лирикаға жүгинеди, оның жанрлық мүмкиншиликлерин иске салады (3,113б). Бул теориялық жуўмаққа сүйене отырып Қ.Жәримбетов Әжинияздың ашықлық лирикасын таллайды ҳәм Әжинияздың ашықлық лирикасында дүньяўий муҳаббат емес, ал илаҳий муҳаббат жырланатуғынлығын дәлиллейди.

Биз И.Юсуповтың муҳаббат лирикасын таллағанымызда әдебиятшы Қ.Жәримбетов жоқарыдағы илимий-теориялық пикирлери биз ушын методологиялық тийкар болғанлығын айтып өтиўимиз керек. Усының нәтийжесинде биз И.Юсуповтың муҳаббат қосықларында, тийкарынан, дүньяўий муҳаббат жырланғанын анықладық. Соның ушын да бул әҳмийетли мәселени оның қосықларын таллаў барысында есапқа алыўға умтылдық.

Шайырлар муҳаббатты өзинше түсинип, өзгеше жырлайды. Лирикамыздағы бул нәрсеге нәзер салып қарасақ, муҳаббатты И.Юсупов өзинше, Х.Дәўлетназаров басқашалаў, Н.Төрешова менен

Н.Жуманазаровалар пүткиллей өзгеше стильлик бағдарда жырлағанлығын көремиз. Бирақ олардың барлығының да лирикалық қаҳарманларының жаны таза, өз муҳаббатына садық болғысы келетуғын, усы мақсетте ҳармай-талмай гүресетуғын, өз муҳаббатына ерисиў жолында басқаларға да бахыт тилейтуғын, пәк жанлы, руўхы таза екенлигин абайлаўға болады. Соның ушын да олар жәмийет ушын идеал субъектлер сыпатында хызмет етеди десек, асыра силтеўшилик болмайды.

XX әсирдиң 80-жылларынан баслап атақлы шайыр И.Юсуповтың поэзиясындағы муҳаббат темасындағы қосықлар айрықша көзге түсе баслады. Олар өзгеше бир стильлик бағдарларда жазылды: бул дөретпелердиң реализми тағы да тереңлести, трагизми күшейгени менен де соған жараса гуманизми де артқанлығын абайлаўға болады. Сонлықтан бул қосықлардың оқыўшыға деген эмоциональлық тәсиршеңлиги көбейип барды.

И.Юсупов өзиниң «Ашықлық пенен ойнама!», «Епке келсе ашық болмай жасаңлар», «Жалғызлық», «Және келдим қәбириң басына» ҳәм тағы басқа қосықларында өмир философиясы менен муҳаббатты ажыралмас түрде тығыз бириктирип сүўретлейди. Шайыр өзиниң айырым қосық қатарларында жеңил юмор менен-ақ өмир менен муҳаббаттың бирлигин, оның мәңгилигин айтса, ал гейде ойшыллығы басым қатарлар арқалы муҳаббатты жырлайды, сүйиклисин улуғлаўшы, қәстерлеўши лирикалық қаҳарман образын жаратады. Қараңыз:

Ашықлық пенен көп ойнама, бала,
Ақыл-хуўшың бийлеп алар муҳаббат.
Дәртсиз кеўлинди сен қыйнама, бала,
Саў басыңа саўда салар муҳаббат.

Сен кирмеген бағда жемис пискендей,
Сәнемлер қолынан шарап ишкендей.
Қуўрақ тамызыққа ушқын түскендей,
Түтинсиз, жалынсыз жанар муҳаббат.[4;130]

Дурысында да, бул қатарлар жасы үлкен шайырдың ҳәм өмирден мол тәжирийбе топлаған инсанның айтатуғын сөзлери екенлиги ҳақыйқат нәрсе. Буның үстине бул қатарлардың нағыз өмир философиясына қурылғаны аттан анық.

Шайыр және бир қосығында муҳаббат туўралы ҳәзил-шын аралас пикирлерин ортаға салса да, онда нағыз муҳаббат отында жанған ҳәм

өмир менен турмыстың занлылықларына, оның қарама-қарсылықларына төтепки берип мойынсынған лирикалық қаҳарманның образын айқын сәўлелендирген.

Инсан бул бәледен қорыққан қашан да,
Тислегендей өкиништиң бармағын.
Епке келсе ашық болмай жасаң дә,
Мен байғус сөйтип бир жасай алмадым.[1;10]

Шайыр бул қосықтың ақырын нағыз өмир конфликтлери менен оның барынша соқлығысыўларына қурып, реализмди тағы да тереңлестирип, арттырып бергенлигин абайлаўға болады. Қараңыз:

Үш қумар көз бизди тутқынға алды,
Екеўи жумылды, биреўи қалды.
Ол ҳәм бизди тутып қәпеске салды,
Қанша талпынсам да босай алмады.

Ҳижран пияласы липледи шерге,
Дәўран өткенлигин билдим сол жерде...[4;10]

Әлбетте, бул қатарлардың дөретилиўинде автобиографиялық фактордың орнын бийкарлаўға болмайды. Қосықтағы лирик қаҳарманның өмирде еки рет аты сүрнигип, үш рет өмирлик қостар таңлаўға мәжбүр болғанлығы — бул турмыс шынлығы. Улыўмаласқан лирикалық қаҳарман оқыўшыларға өз муҳаббат сырларын усылайынша билдирип отырғанлығын сезиўге болады. Сонлықтан да тап усы лирикалық қаҳарманның муҳаббат, өмирлик қостар таңлаў ҳаққында өмир ҳәм муҳаббат философиясына негизленген мынадай пикирлерин келтириў де орынлы:

Ҳайранман, не жаздық саған онындай,
Неңди алдық сениң, неңди алғыздық?
Неге бизди сонша қас душпаныңдай,
Бунша қуўдалайсаң, заңғар жалғызлық!?

«...Аяқ қолларында кисениң де жоқ,
Бирақ меннен басқа сырлас жоқ сенде!»
Деп маған күлесең суўық түс пенен,
Ғаррыға қосылған жас қыздай болып.

Түнлерде көндирип мени күш пенен,
Қойнымда жатасаң муп-муздай болып...[4;10]

Бундай өмир менен муҳаббат конфликтлерин, оның муңлы демлерге толы мәўритлерин кимде болса бастан кешириўи мүмкин. Өйткени бул нәрсе ҳәм жаратылыстың тәбийғый заңы, инсан тәғдирине питкен нәрсе екенлиги менен байланыслы. Шайыр булардың барлығын басқа бир «Епсиз» қәлем ийелери сыяқлы «Күйемен де сүйемен» ямаса «Шашы қара, қасы қара бир дилбар!» деп сүўретлеп, мақтаўға, бир тәреплемеликке берилип отырмастан, муҳаббатты нағыз өмир драмасы менен қосып алып ашып береди. И.Юсуповтың төмендеги «Және келдим қәбириң басына» қосығынан алынған қатарларда да усындай өмир драмасы менен лирикалық қаҳарманның ишки кеўил туйғысы, арпалысқан сезимлери, ой-пикирлери диалектикасы шеберлик пенен ашылған.

Жаңарар деп еди сәўги муҳаббат,
Жаңармаса керек ол бир түйир де.
Босатып жиберген ийеси жоқ ат,
Басы батпас екен бөтен үйирге...[4;9]

Қараңыз, бул жерде не деген өмир философиясы жәмлеп берилген дейсиз. Соның ушын да биз И.Юсуповты тек ғана сиясатшыл, публицист шайыр емес, ал нағыз ойшыл, данышпан шайырлардың бири деп баҳаласақ артықмашлық етпейди.

Ал, сөз зергери төмендеги қатарларда өз пикирин тағы да айқынластырып, конкретлестирип, оны лирикалық қаҳарманның өмир драмасының штрихларына бөлеп былай жазады:

Көплердиң қустаны қылғаны аздай,
Бәлким, сен де бизге тағне етерсең.
Тобынан айырылған торала ғаздай,
Сонда неге өзиң таслап кетесен?!...
Базда мен сыймайман бул кең әлемге,
Сыртлай қарағанға жоқтай әрманым.
Не деп турғанымды еситесең бе?
Мен сени мен сени ... сағындым, жаным!

Тек сен қас-қабақтан аңлар едиң де,
Кешир гүбирленип дәртимди айттым.

«Суўықта жалаңбас турма» — деген бе?
«Қайт үйге!» дейсең бе - Ал, онда қайттым.[4;53]

Мине, булардың барлығы шайырдың XX әсирдиң 80-жылларынан соңғы дәўирде дөреген муҳаббат қосықларынан алынған қатарлар болып, оларда өмир философиясына арналған, терең лиризм менен суўғарылған поэтикалық пикирлер лирикалық қаҳарманның жаңаша сыпатынан дәрек береди. Шайырдың 1980-жыллардың биринши ярымында жарық көрген «Жалғызлық» (1983) қосығында көзге тасланатуғын лирикалық қаҳарманны? трагедиялық сыпаты онын «Ашықлық пенен ойнама!», «Епке келсе ашық болмай жасаңлар», «Және келдим қәбириң басына» ҳәм тағы басқа қосықларында және де күшейеди. Шайыр бул қосықларында нағыз өмир философиясы менен муҳаббатты тығыз бириктирип, усы еки проблеманы ажыралмас түрде сүўретлегенлигин көремиз. Бул дәўирдеги лирикалық қаҳарман образын жасаўда трагедиялық пафос үстем болып, онда шайыр өмириндеги биографиялық ҳәм айырым жәмийетлик-сиясий факторлар баслы орын ийелегенлиги сезилип турады.

Жуўмақлап айтқанда, И.Юсуповтын 1980-2000-жыллардағы муҳаббат лирикасы онын дөретиўшилигинде салмақлы орын ийелейди. Сонлықтан оны еле де тереңирек изертлеў шайыр шығармаларынын еле ашылмай атырған қырларын анықлаўға жәрдем береди деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар:**

**1.** Мәмбетов К. Бир шайыр дүньяға келди де кетти. // «Қарақалпақстан жаслары», 1999, 23-сентябрь; Базарбаев Ж. Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр (әдебий-философиялық ойлар). Нөкис, «Билим», 2008; Есемуратов Г. Пери минген атқа қосық ядлатқан шайыр // «Еркин Қарақалпақстан», 2005, 10-апрель; Султанов Қ. Жаңа дәўирдиң поэзиясы (И.Юсуповтың «Беглигинди бузба сен» топламы ҳаққында) //»Еркин Қарақалпақстан», 1996, 16-февраль; Есенов Ж. Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигинин гейпара мәселелери). Нөкис, «Билим», 2003;

**2.** Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардын эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим» 2004;

3. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004

4. Юсупов И. Таңламалы шығармалары.Үш томлық. III том. Нөкис, Билим, 2018.

## ИБРАЙЫМ ЮСУПОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ОБРАЗ ТИПОЛОГИЯСЫ

***Бекбергенова М.Д.***
***Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты***

XX—XXI әсирлерде қарақалпақ әдебияты дүнья халықлары әдебиятында белгили болған жанрлардағы әжайып дөретпелер менен байып бармақта. Бул әдебий жөнелисте Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсуповтың дөретиўшилиги гиреўли орында турады.

Шайыр әдебиятқа бала ўақтынан баслап қызығады. Оның дәслепки қосықлары 40-жыллардың орталарында жәрияланады. Шайырдың төмендеги атамадағы топламлары баспадан шықты: «Бахыт лирикасы» (1955), «Күн шығыс жолаўшысына» (1959), «Олар» (1960), «Жети асырым» (1962), «Дала әрманлары» (1966), «Кеўил кеўилден суў ишер» (1971), «Тумарис» (1974) ҳәм басқа поэмалар, «Йош» (1978), «Аласатлы дүнья бул» (1987), «Дузлы самаллар» (1988), «Кеўилдеги кең дүнья» (1989), «Беглигинди бузба сен» (1995) ҳ.т.б..

И.Юсуповтың таңламалы шығармаларының еки томлығы еки рет (1978-1979, 1992) баспадан шықты. Оның таңламалы шығармаларының үш томлығы 2018-жылы «Билим» баспасынан қайтадан толықтырылып басылып шықты.

И.Юсупов поэзиясының өзгешелиги айрықша миллийлик белгилери, қарақалпақ халқына тән болған характердеги миллий белгилерди жеткериў шайырдың «Қарақалпақты көп мақтама көзимше» деп аталған қосығында бериледи:

«Сумлық қылса, сыр алдырар баладай,
Кеўилшеклик минезине күйемен...
Ал енди оның кең жазийра даладай,
Азаматлық кең пейилин сүйемен!» [5, I:324]

Қарақалпақ халқына тән болған кеңпейиллик, миймандослық, аққөкиреклик шайырдың көпшилик қосықларында жырланады. Әсиресе, «Туўған жер», «Аўыл, аўыл», «Таллы жағыстағы еске